

## Li AVÈK PITIT-OU



Fé lekti yon tèks souvan devlope abilte, antouzyas, ak konfyans epi ...sa AMIZAN!

Chwazi yon kote konfòtab epi li:

- Liv pitit-ou renmen li
- Liv pitit-ou ka preske fè lekti poukонт li
- Istwa avèk mo oswa fraz ki repete
- Liv oswa powèm ki devlope
- Pwezi, Sote kòd epi Chanson, pwezi avèk mo ki rimen
- Liv ki pa fiksyon, pitit-ou ka gen difikilte li liv la poukонт li

### Premye fwa w ap li yon liv ...

Anvan lekti	Pandan lekti	Apre lekti
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pale sou otè a/moun ki ilistre liv la.</li> <li>• Pale sou tit liv la ak pale sou ilistrasyon kouvèti liv la</li> <li>• Fè prediksyon sou sijè liv la</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li ak espresyon!</li> <li>• Kanpe, poze, epi pale sou ilistrasyon yo, lè istwa a enteresan oswa gen sispan, ak/oswa lè nou tonbe sou nouvo mo</li> <li>• Pran plezi li pou nou gen yon bon konpreyansyon de tèks la!</li> </ul>	<p>Pale sou liv la. Sa tou osi enpòtan ke fè lekti liv la! Pale sou bagay tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Evénman ki te pase nan istwa a, nan lòd.</li> <li>• Pésonaj oswa kote istwa a pase.</li> <li>• Poukisa otè a ekri liv la.</li> <li>• Ki koneksyon pitit-ou ka fè pou tèt li oswa koneksyon ak lòt liv</li> </ul>

Pandan **lekti repete**, lonje dwèt ou sou mo-yo oswa glise dwèt ou anba mo ou pandan w ap fè lekti. Poze pandan oswa apre lekti a pou siyale sèten bagay epi pratike yo ak pitit-ou.

**Fasilitè** (fluency) se jan vwa nou sonnen lè n ap li.

- Envite pitit-ou li fraz repete
- Li ak espresyon yon mo, fraz, oswa seksyon yon tèks epi mande pitit-ou repete lekti a epi pratike fè lekti ak espresyon
- Eseye diferan vwa
- Kite chak moun tann tou pa l pou fè lekti

**Fonik** ak jan mo mache enpòtan. Chwazi sa pou montre/mande pitit-ou chèche selon ladrès li devlope.

- Chèche yon pwen entèwogasyon (pwen, vigil, giymè)
- Chèche yon mo ki kòmanse ak “**b**” oswa “**br**.”
- Chèche yon mo ki fini ak “**s**” oswa “**est**.”
- Chèche mo “**have**” -genyen- (Chwazi yon mo sou paj-la pitit-ou konnen oswa preske konnen)